



Gid Preparasyon Pou Ijans Mwen



*Yon gid pou moun ki **andikape** yo ak fanmi yo*

TOUT MOUN TA DWE GEN YON PLAN

Tankou yon moun ki gen yon andikap, li trè enpòtan pou gen yon planifikasyon paske nan ka ijans, ou ka pa kapab jwenn aksè materyèl ak resous ou bezwen pou w rete an sante, san danje ak endependan. Planifikasyon dijans lan gen ladann l manje, medikaman ak ekipman medikal an plas pou okipe pwòp tèt ou lè gen yon dezas ki frape. Pale ak founisè sante an konsènan founiti espesifik ke w ap bezwen genyen an men k ap dire w de semèn.

LIS VERIFIKASYON IJANS POU MOUN KI ANDIKAPE

- Kreye yon plan ijans ak kominike avèk omwen twa manm fanmi w, zanmi oswa lòt moun kap bay swen.
- Fè aranjman pou plis pase yon moun ki fè pati rezo sipò pèsònèl ou ki pou tcheke sou ou nan ka ou gen ijans.
- Pare yon twooso atik pou ijans pou kay ou ki pòtab, ki enpèmeyab ak izole, ki gen ladann medikaman ak founiti pou de semèn. Verifye li chak 2 a 3 mwa epi siveye dat ekspirasyon an. Epitou sonje genyen ladan yo nenpòt aparèy nesesè ki pou ede w tankou beki, pyeton, èd pou tande ak èd vizyèl.
- Konsève yon kopi konplè sou enfòmasyon sante pèsònèl ou ak lòt dokiman enpòtan, tankou papye, yon lis ki gen medikaman ak dòz medikaman ak enfòmasyon asirans. Mete ladann kontak founisè swen sante ou.
- Konnen kijan pou konekte epi kòmanse yon ekipman rezèv elektrik pou ekipman medikal ki esansyèl.
- Mete etikèt sou ekipman an epi mete enstriksyon ki plastifye pou itilize.
- Konsidere pou w achte yon aparèy pòtatif alam swen medikal ki egzije pou jwenn èd si w gen yon ijans medikal.
- Si ou itilize yon chèz woulant elektrik oswa eskoutè, ou dwe gen yon chèz woulant manyèl nan ka ou ta gen pèt kouran elektrik.
- Aprann plis bagay sou sistèm avètisman nan kominate a, wout evakyasyon ak pwogram asistans espesyal an ka dijans.
- Kontakte biwo lokaljesyon pou ijans ou pou detèmine, si yo mentri yon anrejistreman pou moun ki bezwen asistans pou evakyasyon ak transpò lè gen yon dezas. Konsidere enskri epi sonje pou mete ajou done si yo ta chanje.

Kilès pou Rele

Kenbe nimewo telefòn pou swen nan kay/konpayi ospis lan tou pre ou nan ka ou ta bezwen èd. Men, si ou ta gen yon vre ijans, rele 9-1-1.

PREPARE ANVAN LÈ A RIVE

- Pandan tanpèt ak blakawout, rete okouran sou alèt, avètisman, ak komunikasyon pou ijans. Swiv medya tradisyonèl yo (TV, radyo) ak medya ki pa tradisyonèl (sit wèb, medya sosyal) pou anons.
- Anrejistrenimewo Administrasyon Ijans nan, nimewo nan konte w, ponpye ak lapolis, ak nimewo telefòn ki pa-ijan, ak nimewo pou lòt òganizasyon oswa sèvis ke w ap bezwen.
- Konnen plan dijans pou zòn ou an, ki gen ladan wout evakyasyon, abri ak nimewo ijans. Konsève enfòmasyon sou aparèy mobil ou ak twous ijans lan.

Twous Materyèl pou Ijans

Anplis de sa nan twous materyèl ijans ou, sonje kenbe bagay sa yo sou men pou ijans:



Dlo – yon galon dlo pou chak moun pou chak jou pou omwen twa jou



Radyo ki mache ak pil – ak pil anplis



Twous pou premye swen – sonje tcheke dat ekspirasyon ak dat kontni epi mentni yo pou mete yo ajou



Mask pou pousyè – oswa mayo an koton, pou ede filtre lè kontamine



Kle oswa pens – pou fèmen sèvis itilite lè sa nesesè



Tibebe fòmil ak kouchèt – si ou gen yon timoun piti



Manje – omwen yon rezèv manje pou twa jou ki p ap gate



Flach – ak pil anplis



Siflèt – pou fè siyal pou jwenn èd



Fèy Plastik ak Tep an Adezif – pou abri ki-an-plas



Zouti pou Ouvri Mamit – ki pou louvri manje nan bwat



Kat Lokal – ki gen ladan yon kat jeyografik zòn ou an ak yon kat jeyografik kote ou fè plan pou ale si w ap evakye

Lòt Konsidérasyon yo

Pare yon twooso atik ijans pou bêt domestik ki nan kay ou an oswa animal pou sèvis ou an. Mete sètifikasi vaksinasyon w lan, yon foto ki resan, manje, dlo, medikaman, elatriye, nan yon resipyan. Konsidere gen transpondè pou bêt domestik ou an nan ka ou ta separe.

Si ou bezwen ekipman medikal elektrik ki gen motè, enfòme konpayi elektrik ou an anvan ou gen yon ijans. Kenbe aparèy teknik yo chaje lè ou pa pral itilize yo pou asistans ou.

Pou Plis Enfòmasyon ak Resous

Pou plis enfòmasyon ak resous, ou ka vizite sit entènèt sa yo.

<http://preparedness.dhmh.maryland.gov> ak www.facebook.com/MarylandOPR

www.mema.maryland.gov

www.mncha.org/emergency-preparedness

<http://mdod.maryland.gov/ep/Pages/Emergency-Prep-Home.aspx>



Founi an kolaborasyon pa Depatman Sante ak Biwo Ijyèn Mantal pou Preparasyon ak Repons ak Asosyasyon Swen Lakay Maryland-National Capital an konsiltasyon avèk Depatman Andikap pou Preparasyon Ijans nan Maryland

EKRI NON AK NIMEWO TELEFÒN MEZON
SWEN AN/KONPAYI OSPIS
LA NAN BWAT SA A.